

Kulo kinaryo talang atur saking ingkang kagungan dhalem supados matur dumateng panjenengan sedoyo.  
Inggih lumantar kulo (Mbok Gunem sak keluarga) ngaturaken  
ingkang sepindah wilujeng rawuh mugè dipun sekecakaken anggenipun lelenggahan  
ingkang kaping kalihipun Ngaturaken panuwun engkah tanpo upami menggah saking kerawuhan panjenengan  
awit saking anetepi pamundutipun (Mbok Gunem sak keluarga)  
kaping tiganipun nyuwun agunging pangaksami sedoyo kekirangan anggenipun nampi kerawuhan panjenengan  
wiwit saking panampi, palenggahan  
Wondene anggenipun (Mbok Gunem sak keluarga) ngrsaken kerawuhan kito sedoyo wonten dalu meniko  
mapan ing griyo mriki dipun suwuni jurung donga kunjuk dumateng ngarsanipun Allooh SWT (Mbok Gunem  
sak keluarga) nyuwun kanthi waosan sakperangan kalamullooh inggih surat yasin, ingkang dipun lajengaken  
tahlil lan jangkep pandonganipun. Mugè-mugè arwahipun almarhum (Bopo Marto Paiman ~ rohimakumullooh)  
ingkang sampun tinimbangan wangsul dhumateng ngarsanipun Allooh SWT ... Insya Allooh ... saget tinampi  
kanthi sae wonten pangayomanipun Allooh SWT. Kakesut dosa kalepatanipun, kawuwuhaken ganjaranipun,  
kawiyaraken kuburipun, kaundakan derajatipun. lan saklajengipun mangke saget lumebet dumateng kaswargan  
jati ingkang dipun idamakan. (Alloohumma ... amin). Lan kito ingkang  
Wondene katur panjenengan ingkang ngrasuk agami menopo kapitadosan sanes kulo sumanggaken trepipun  
waosan lan donga selaras kalih panyuwunan kasebat.